

BYENNVENI

Enfòmasyon sou COVID-19



**U.S. Department of
Health and Human Services**
Centers for Disease
Control and Prevention

Byenveni!

Pakè sa a se pou ede oumenm ak fanmi ou rete an sante pandan pandemi COVID-19 lan apre ou rive Ozetazini. Kenbe pakè sa a avèk ou paske li gen ladan enfòmasyon enpòtan pou oumenm ak fanmi ou swiv ak konnen apwopo COVID-19.

COVID-19 se yon maladi ke yon viris lakòz ki ka transmèt de yon moun a yon lòt moun. Yo te rapòte ka ak lanmò COVID-19 nan pifò kominote yo Ozetazini. Gouvènman Eta yo ak gouvènman lokal yo gen règ diferan konsènan COVID-19 epi kèk gendwa egzije pou vwayajè resan yo rete lakay yo pandan yon peryòd tan. Travayè sosyal ajans reyenstalasyon ou an kapab ede ou jwenn enfòmasyon sou nouvo kominote ou an konsènan COVID-19 ak enfòmasyon sou kikote pou ou jwenn yon vaksinasyon COVID-19.

Ou kapab trape COVID-19 pandan vwayaj ou yo. Ou gendwa santi ou byen epi ou pa gen okenn sentòm, men ou ka transmèt COVID-19 lan kanmenm bay lòt moun. Oumenm ak konpayon vwayaj ou yo (sa gen ladan timoun yo) ka transmèt COVID-19 lan bay lòt moun, sa gen ladan fanmi, zanmi, ak kominote ou pandan 14 jou apre ou te ekspozé nan viris la.

Pran prekosyon sa yo pou pwoteje tèt ou ak pou pwoteje lòt moun:



Rete lakay ou toutan sa posib pandan premye 10 jou yo apre ou rive. Kontakte travayè sosyal ajans reyenstalasyon ou an pou jwenn enfòmasyon byen presi konsènan egzijans nan zòn ou an.



Siveye sante ou: Chèche sentòm COVID-19 yo epi pran tanperati ou si ou santi ou malad.



Evite rete ozalantou moun ki gen plis risk pou maladi grav nan COVID-19.

Pou aprann kimoun ki gen pi gwo risk, gade nan "People Who Are at Increased Risk for Severe Illness" (moun ki gen plis risk pou maladi grav) nan lang pa ou.

<https://bit.ly/nativelanguage>



Lè ou ozalantou lòt moun, rete nan distans 2 mè (6 pye) omwen parapò ak lòt moun ki pa moun nan fwaye ou. Li enpòtan pou fè sa toupatou, andedan ak deyò.




Mete yon mask lè ou deyò kay ou. Mask la dwe kouvri nen ou ak bouch ou nèt epi li dwe ajiste pafètman sou kote figi ou.



Lave men ou souvan oswa itilize yon dezenfektan pou men ki gen omwen 60% alkòl.



Si ou vin malad avèk sentòm COVID-19 yo, rele davans anvan ou al wè yon doktè.



Kontakte travayè sosyal ajans reyenstalasyon ou an si ou gen kesyon.



Apre ou rive, mande founisè swen sante ou oswa travayè sosyal ajans reyenstalasyon an ransèyman pou pran yon vaksen COVID-19 si ou poko vaksinen. Lè ou fin vaksinen nèt, ou ka swiv rekòmandasyon CDC yo pou moun ki vaksinen konplètman yo. bit.ly/fullvaccination

SIVEYE SENTÒM YO pou COVID-19, KI KA GEN LADAN SA KI ANNAPRE LA YO:



Sentòm yo kapab varye soti nan yon maladi lejè pou rive nan yon maladi grav, epi yo parèt 2 a 14 jou apre ou te ekspozé nan viris ki lakòz COVID-19 lan. Lis sa a pa gen ladan tout sentòm ki posib yo. Tanpri rele yon doktè pou nenpòt sentòm ki grav oswa ki enkyete ou.



Siveye sante ou: Chèche sentòm COVID-19 yo epi pran tanperati ou si ou santi ou malad. Lafyèw ki nan 100.4°F/38°C oswa pi wo.

Avèk COVID-19, lafyèw la kapab ale vini, epi sèten moun gendwa pa gen lafyèw ditou. Gen mwens chans pou gen lafyèw kay moun ki gen sèten pwoblèm medikal alabaz, moun aje, oswa moun k ap pran sèten medikaman pou bese lafyèw tankou acetaminophen, paracetamol, oswa ibuprofen.

***Chèche swen medikal touswit si yon moun gen siy avètisman dijans yo pou COVID-19.**

- Pwoblèm pou respire
- Doule oswa presyon pèsistan nan pwatrin
- Nouvo konfizyon
- Pa kapab reveye oswa rete jeklè
- Po, lèw oswa anba zong koulè pal, gri oswa ble, selon koulè po a

Si ou vin malad avèk lafyèv, tous oswa lòt sentòm COVID-19:



Rete lakay ou. Evite kontak avèk lòt moun jiskask li san danje pou ou sispann izòlman nan kay ou.



Ou petèt gen COVID-19; pifò moun kapab refè lakay yo san swen medikal.



Rele travayè sosyal ajans reyenstalasyon ou an si ou bezwen èd, pa egzanp si ou bezwen yon entèprèt pou pale avèk yon doktè.



Rete an kontak avèk yon doktè. Si sentòm ou yo enkyete ou, rele oswa tèks anvan ou ale nan yon kabinè doktè oswa nan sèvis dijans. Fè yo konnen vwayaj ou te fè resaman ak sentòm ou genyen yo.



Si ou gen yon siy avètisman dijans (sa gen ladan pwoblèm pou respire), rele 911 pou ou jwenn swen medikal dijans touswit. Fè yo konnen vwayaj ou te fè resaman ak sentòm ou genyen yo.



Si w ap viv trè pre nan ti espas avèk lòt moun, pran prekosyon anplis pou pwoteje yo.

Dekouvri kilè ou kapab ozalantou lòt moun apre ou te gen oswa ou te pwobableman gen COVID-19.

Aprann plis nan <https://bit.ly/endhomeisolation>.


Pou jwenn plis enfòmasyon sou COVID-19 nan lang pa ou, vizite <https://bit.ly/nativelanguage>.

1



Pou limen tèmomèt la, peze sou bouton ki toupre ekran an.

2



Kenbe pwent tèmomèt la anba lang ou jiskaske li fè yon son bip. Pa mòde tèmomèt la.

3



Fè lekti tanperati ou sou ekran an.

4



Anrejistre tanperati ou.


5



Tanpri konnen: pou yon timoun laj mwens ke 4 lane, mete tèmomèt la anba bra timoun lan nan mitan anbazesèl li.

Di ajan sante piblik la oswa doktè a ke ou pran tanperati timoun ou an nan fason sa.

6



Netwaye tèmomèt ou avèk savon ak dlo oswa yon tanpon alkòl.

KIKOTE POU JWENN ÈD

Rele travayè sosyal ajans reyenstalasyon ou an si ou gen kesyon oswa ou bezwen èd pou nenpòt bagay. Ekri enfòmasyon pou kontakte li anba la a.

Enfòmasyon pou Kontakte Travayè Sosyal Ajans Reyenstalasyon an

Non:

Nimewo telefòn:



Pou jwenn plis enfòmasyon sou COVID-19 nan lang pa ou, vizite <https://bit.ly/nativelanguage>.

